



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 1.35 MILYON DOLA DISPONIB POU PWOTEJE FORÈ NEW YORK YO**

*Finansman disponib atravè Pwogram Sibvansyon pou Sèvitid Kosèvasyon Forestyè pou Fidisi Fonsyè a*

*Investisman galvanize patenarya pou pwoteje forè New York yo ak avanse objektif konsèvasyon Gouvènè a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 1.35 milyon dola disponib kounye a pou pwoteje forè New York yo. Pwogram Sibvansyon pou Sèvitid Kosèvasyon Forestyè pou Fidisi Fonsyè (Forest Conservation Easements for Land Trusts, FCELT) a pèmèt fidisi fonsyè ki elijib ak akredite yo aplike pou jiska 350,000 dola pou achte sèvitid konsèvasyon sou tèren forstyè yo nan Eta New York nan objektif pou pwoteje tè sa yo epi reyalize anpil avantaj ekonomik ak anviwònman yo.

"Investisman nan konsèvasyon forè fè New York pi pre objektif solid nou an ki se pwoteje 30 pousan tè ak dlo eta a disi 2030, ki an retou pwoteje abita bèt sovaj, prezève divèsite biyolojik, pwoteje kalite lè ak dlo, epi ede konbat enpak chanjman klima la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sipòte patenarya piblik-prive sa yo enpòtan anpil pou pwoteje abita esansyèl forè yo ak avanse objektif pwoteksyon espas ouvè nou yo."

Sibvansyon pou Sèvitid Kosèvasyon Forestyè pou Fidisi Fonsyè a (FCELT) ede ogmante vitès konsèvasyon tè forestyè pou pwoteje sèvis ekosistèm enpòtan forè yo bay, tankou ede konbat chanjman klimatik la. Se Land Trust Alliance ki administre sibvansyon yo an kowòdinasyon ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a. Se Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki finanse pwogram sibvansyon an, yon resous ki enpòtan anpil pou pwogram anviwònmantal tankou akizisyon tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, aksè nan lwazi, amelyorasyon kalite dlo, ak pwojè jistis anviwònmantal yo. Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou ane 2025 lan konsève finansman EPF la a 400 milyon dola, pi gwo nivo finansman nan istwa pwogram nan.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Pwoteje forè New York yo enpòtan pou atenn objektif klimatik nou yo, ak

pwoteje kalite lè ak dlo, epi investisman 1.35 milyon dola Gouvènè a pral bay sipò dirèk pou fondasyon fidisi fwonsyè pandan n ap avanse patenarya pou atenn objektif konsèvasyon forè nou yo. Nou ankouraje tout fidisi fwonsyè ki elijib pou aplike epi avanse estrateji pwoteksyon tè eta yo."

Sèlman fidisi fwonsyè ki akredite pa Komisyon Akreditasyon Fidisi Fwonsyè a ki ka aplike. Yo oblije kontribye yon nivo korespondans ki egal a 25 pousan. Aplikan ki enterese yo dwe soumèt yon apèsi sou pwøjè yo pwopoze yo anvan 10 me 2024, kòm yon pati nan pwosesis pre-aplikasyon an. Soumèt yon aplikasyon konplè se sou envitasyon sèlman epi moun ki envite pou fè sa yo pral avize dis 14 jen 2024. Pwojè yo chwazi pou sibvansyon FCELT yo ta dwe avanse objektif ak/oswa estrateji yo idantifye nan Plan Espas Ouvè Eta New York la, Plan Aksyon pou Bèt Sovaj Eta New York, Plan Aksyon pou Forè Eta New York, ak/oswa lòt plan pwoteksyon tè lokal, rejyonal, oswa nan tout eta a. Ou ka jwenn detay konplè sou opòtinite sibvansyon sa a sou [paj wèb FCELT a](#).

**Direktè Pwogram Land Trust Alliance New York la, Jamie Brown, te deklare,** "Mèsi Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la, Gouvènè Hochul, ak Lejislati a pou angajman sa a pou pwoteje forè eta nou an. Kominote fidisi fwonsyè New York la rekonesan pou patenarya sa a epi li anvi kontinye travay yo pou pwoteje ak pran swen forè ki gen valè nou yo pou tè a kapab kontinye benefisye tout Nouyòkè yo."

Opòtinite sibvansyon yo anonse jodi a ap baze sou efò kontinyèl New York ap fè pou pwoteje espas ouvè atravè patenarya ki gen siksè. Semèn pase, Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon akò istorik pou pwoteje plis pase 5,908 ekta tè resous natirèl ki ra sou plan ekolojik ak enpòtan sou plan kiltirèl nan Adirondacks atravè de sèvitid konsèvasyon ak yon inisyativ konsòsyòm rechèch ak The Nature Conservancy. Konsòsyòm rechèch piblik-prive a pral gide rechèch syantifik sou yon ekosistèm ki ra globalman nan Follensby Pond, epi sèvitid konsèvasyon yo pral bay nouvo aksè lwazi piblik nan Basen Vèsan Raquette River.

### **Konsènan Land Trust Alliance**

Li te fonde an 1982, Land Trust Alliance se yon òganizasyon konsèvasyon tè nasyonal ki travay pou sove kote moun bezwen ak renmen yo nan ranfòse konsèvasyon tè atravè Etazini. Alliance lan reprezante anviwon 950 manm fidisi fonsyè ak 6.4 milyon sipòtè nan tout peyi a. Alliance lan baze nan Washington, D.C., epi li opere nan plizyè biwo rejyonal. Vizite [sit entènèt Land Trust Alliance](#) lan pou plis enfòmasyon.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)